Приложение №2
к основной образовательной программе
основного общего образования МБОУ «СОШ № 9 г.Шали»
приказ №1 от 30.08.2022г.

# Фонд оценочных средств по чеченской литературе 5 класс

г. Шали , 2022 г.

| 5 класс<br>Нохчийн литература | | |
|---|---|---|
| **Халкъан барта кхолларалла.** | **Талламан болх (Тест)** | |
| **Бадуев С.С. «Зайндин кхоллам»** | **Сочинени** | |
| **«Х1унда бан беза баьпкан кхоам»** | **Сочинени** | |
| **Исбаьхьаллин литература** | **Талламан болх (Тест)** | |
| | | |

| 7 класс<br>Нохчийн литература | | |
|---|---|---|
| **Сочиненин коьрта ойла билгалъян 1амор** | **Сочинени** | **«Даймехкан 1алам»** |
| **Халкъан барта поэзи** | **Талламан болх (Тест №1)** | |
| **Бисултанов А.Д. «Хьабахахь язйина байташ»** | **Сочинени** | **« Кхойтта шаре бахбелла некъ»** |
| **Ящуркаев С. «Напсат»** | **Тест** | **1.Казахстане муха кхечира Напсат?**<br>а)Гергара нах болчу хьошалг1а еанера.<br>б)Халкъ махкахдоккхуш ц1ераяьккхинера.<br>в)Шен к1ентий болчу яха еанера.<br>г)Казахашца гергарло таса еанера.<br>**2.Маса шо дара Напсатан?**<br>а)Б1е шо.<br>б)Ши б1е шо.<br>в)Дезткъа шо хир дара.<br>г)Цхьанна а ца хаьара я цунна шена а.<br>**3.Ша махкахйоккхуш Напсата шеца араяьккхинарг х1ун яра?**<br>а)Т1орказ.<br>б)Текх.<br>в)Пондар.<br>г)Кортали.<br>**4.Маса к1ант вара Напсатан?**<br>а)Шиъ.<br>б)Виъ.<br>в)Ялх.<br>г)Ван а вацара.<br>**5.Казахстанан муьлхачу метте ялийнера Напсат а,цуьнца цхьаьна ц1ерабаьхнарш а?**<br>а)Чу станце.<br>б)Карабалта.<br>в)Алма-Ата.<br>г)Чушкала юьрта.<br>**6.Ц1ерайоккхуш а,яьккхинчул т1аьхьа а х1ун духар хуьлура Напсатана т1ехь?**<br>а)Г1абали.<br>б)Жигетка.<br>в)Йоманаш летийна тиша коч.<br>г)Шола коч.<br>**7.Напсатан когахь даим х1ун мачаш хуьлура?**<br>а)Не1армачаш.<br>б)Тударгаш. |

в)Когаш берзина хуьлура.
г)Пошмакхаш.
**8.Йоккхачу стеган юьхь муха яра?**
а)Горга,безамехь.
б)Ал бос богуш,ц1ена.
в)Юткъа,еха.
г)Хебна,цхьа шад хилла.
**9.Махкахбаьхнарш Чушкала-юьртахь мича д1атарбира?**
а)Фермехь.
б)Божал чохь.
в)Хьешан ц1а чохь.
г)Клуба чохь.
**10.Напсата лекхна йиш хьан яьккхинера?**
а)Халкъо.
б)Димаев 1умара.
в)Цо ша яьккхинера.
г)Айдамирова Марема
**11.Юьхьанца буьйсанаш мичахь йохура Напсата?**
а)Божал чохь.
б) Клубехь.
в)Казахашкахь.
г)Напсата ша-шена даьккхинчу коша чохь.
**12.Деле х1ун дехар дора Напсата?**
а)Рицкъ ло шена олий.
б) Т1едуха,когадуха доьхура.
в)Лаьттара д1аэца ша олий.
г)Даймахка ц1аерзае ша олий.
**13.Кавказера бохийна балийначу нахе хьовса баьхкинарш цецбаьхнарг х1ун дара?**
а)Багахь шаьлтанаш,коьртахь ма1аш ца хилар.
б) Уьш цигонехь тера хилар.
в)Уьш хаза кечбелла хилар.
г)Церан карахь герз цахилар.
**14.Беже лелачу Сайд-1алисшайца 1ен д1айола аьлча,цуьнга х1ун элира Напсата?**
а)-Йиш яц сан.
б) –Со кешнашка хьажа дезаш ма ю
в)-Со ц1а яха дезаш ю.
г)-Со сайн к1ентий болчу г1ур ю.
**15.Нохчашна Даймахка ц1а берза бакъо елла,аьлла,хаам хилча,адам аьчк-некъа йистехь1аш долу мел хан яра?**
а)Бутт сов хан яра.
б) Цхьа к1ира дара.
в)Кхо-де буьйса.
г)Ахшо.
**16.Нах ц1а ца бохуьйтуш латторан бахьана х1ун ду бохура цхьаболчара?**
а)Хьалхавала стаг ца хилар?
б) Вагонаш цахилар.
в)Берриш цхьаьна бига лаар.
г)Божарий хьалха ц1а бига лаам хилар.
**17.Шен к1енташна ц1а баха бакъо яккха хьанна т1е йоьду ша**

| | | |
|---|---|---|
| | | **олура Напсата?**<br>а)Хрущевна.<br>б) Молотовна.<br>в)Ворошиловна.<br>г)Сталинна.<br>**18.Нохчий ц1а бохкуьйтучу хенахь 1едалан коьртехь хилларг мила ву?**<br>а)Хрущев Н.С.<br>б) Калинин М.И.<br>в)Сталин И.В.<br>г)Ворошилов К.Е.<br>**19.Ц1а даха вагонаш яларна «бехкениг» х1ун лерира массара а?**<br>а) «Г1айбин чкъуьйриг»<br>б) Уполномоченни.<br>в)Баккхий нах.<br>г)1едалан векалш.<br>**20.Ц1ерпошт д1айолаелча,Напсат х1ун деш яра?**<br>а)Халхар деш яра.<br>б) Йоьлхуш яра.<br>в)Хиъна 1аш яра.<br>г)Вагонах тийсалуш яра.<br>**21. Напсат шен халкъаца Даймахка ц1а х1унда ца еара?**<br>а)Сталинера бакъо яьккхина йоцу дела.<br>б) Коьртаца телхина хиларна.<br>в)Шен Даймахкахь цхьа а воцу дела.<br>г)Казахех д1акъаста цалаарна. |
| | | |